

NOUYÒKÈ:

RETE LAKAY POU FRENNEN PWOPAGASYON KOWONAVIRIS

Nouyòkè yo ki ap travay ansanm yo epi ki rete lakay ka ralanti pwopagasyon kowonaviris (COVID-19) nan Vil New York. Lè ou soti pou bezwen esansyèl yo, travay oswa respire lè frè, kenbe distans ant oumenm ak lòt moun yo epi pran prekosyon sa yo.



PWOTEJE TÈT OU AK LÒT MOUN YO

- Kenbe omwen 6 pye ant oumenm ak lòt moun yo.
- Lave men ou avèk savon ak dlo souvan.
- Kouvri nen ou ak bouch ou avèk yon mouchwa oswa manch rad lè ou ap etènye oswa touse.
- Pa touche figi ou avèk men san lave.
- Siveye sante ou pi pre pase dabitid pou sentòm rim oswa grip.



PWOTEJE SILA KI PI FRAJIL YO

- Rete lakay si ou genyen maladi poumon, maladi kè, dyabèt, kansè oswa yon sistèm iminitè ki fèb.
- Rete lakay epi rele, pale pa videyo oswa voye mesaj tèks avèk fanmi oswa zanmi yo ki gen youn nan pwoblèm sa yo.



SI OU MALAD

- Rete lakay.
- Si ou gen yon tous, souf kout, lafyèv, malgòj epi ou pa santi ou amelyore apre 3-4 jou, konsilte avèk doktè ou.
- Si ou bezwen èd pou jwenn swen medikal, rele 311.
- NYC pral bay swen kèlkeswa estati imigrasyon oswa kapasite pou peye.



DIMINYE ANKONBRE- MAN MOUN

- Rete lakay.
 - Travay lakay si posib.
- Si ou oblije soti:**
- Espase èdtan travay yo de lè vwayaj ki gen afliyans yo.
 - Mache oswa monte bisiklèt.
 - Pa rasanble nan foul.

Pou mizajou an tan reyèl, vizite nyc.gov/coronavirus.

Rele 311 pou rapòte asèlman oswa diskriminasyon. Rele 888-692-9355, voye mesaj tèks "WELL" bay 65173 oswa diskite anliy nan nyc.gov/nycwell pou konekte ak yon konseye.

*Frè mesaj ak done yo gendwa aplike. Verifye ak founisè plan mobil ou pou plis detay.

NYC
Health

Bill de Blasio
Majistra
Oxiris Barbot, MD
Komisyone